


№ 4 (6987) 26 январь 2026 с. Итни ШагIбан 1447 с. Багьа - эркенаб

**РОСАБАЗУЛ ЦЕБЕТIЕЙ**

## Бегавулзабигун имамзаби данделъана

### Диниял идарабазе документал гьари, проектал нухдаинари...

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда гьоркь муниципалитеталъул росабазул нухмалъулел, имамзаби ва цогидал гIахьаллъараб данделъи тiобитiана араб анкьалъ. Дандеруссиналда Гъалиповас районалъул имамзабазул гIуцIиялъул цiияв нухмалъулев Мухiамаднур МухIамадов вихьизавуна ва гьарана гьесие хIалтIулъ бергьенлъаби.**

Тадбиралда гьоркьоб лъуна Гумбет районалъул муниципалияб гIуцIиялъул бюджеталде магъалабазул ва магъалабазул гурел доходал рачiинариялъул тадбирал тiоритiиялъул суал. Данделъиялъул гIахьалчагIаз гьединго хасаб кIвар кьуна районалда ругел диниял гIуцIабазул, хабалазул, цогидалги мулказул ракьул бутIабазе ва минабазе бетIергьанлъиялъул документал хIадур гьариялде. Гьеб рахъалъ чIезарурал къануназул тIалабал кьварун цIунизе ккеялда тIадчIей гьабизе кколин лъазабуна.



Районалъул хIаракатчагIаз гьединго бицана муниципалитет цебетIезе мурадалда федералиял ва республикаялъулал программаби жигарго нухдаинариялъулъ гIахьаллъизе ккеялъул. Хадубккун данделъиялда гьоркьор лъуна гражданал Россиялъул Яргъилал къуватазда хъулухъ гьабизе иналъул, цоцо ихтиярал бакIалъулаб даражаялде кьеялъул хIакъалъулъ къотIи-къаял хех гьариялъул суалал.

Тадбиралъул ахиралда Гъалип Гъалиповас жавабиязе тIадкъаял кьуна ва баян гьабуна масъалаби тIураялъе цадахъаб ва цоцалъ рекъараб хIалтIи гьабиялда тiадчiезе кколеблъи.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

**ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО**

## Гъалип Гъалипов: «Районалъул администрациялъ, сахаватчагIаз, гIадамаз гьоркьоса къотIичIого гуманитарияб кумек битIула СВОялъул мухъалде»

### Улка цIунулелгун ва гьезул гIага-божаралгун дандчIвай

**Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе квербакъи гьабиялъул хIалтIи нухдаинабулеб буго бакълъулазул тIалъиялъ. Гьедин, районалъул бетIер Гъалип Гъалипов араб анкьалъ дандчIвана СВОялъул рагъухъан СайгидмухIамад АхIмадовгун, гьесул эбел Зулайпат ва лъади Хадижатгун. Хасаб рагъулаб операциялъул мухъалда улкаялъул интересал цIунун вагъулев вуго Зулайпатил цогидав васги.**

Гьединго данделъиялда гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев ГIалихан ДавудхIажиев, муниципалитеталъул бетIерасул заместитель Сайпилав МухIамадов. Гъалипов гIенеккана ВатIан цIунулесул суалазухъ. СайгидмухIамадие тIуразе къваригIарал аслиял суалал ругоан лъимал ясли-ахалда роси, хIалтIудалъун хьезари. АхIмадовас районалъул бетIерасда гьединго бицана СВОялъул мухъалда бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ.

Рорхарал суалал хехго тIуразелъун муниципалиталъул бетIерасул заместитель Сайпилав МухIамадов



АхIмадовгун ва гьесул хъизангун социалиял хъулухъазул идарабазде ана. Гьел идарабазул специалистаз мухIканал малъа-хъваял гьаруна хIукуматалъул квербакъиялъул хIакъалъулъ. Хъизамалъе кIудияб кумек щвезе рес бугеб социалияб контракт хъваялда хурхарал баяналги гьаруна гьез.

Гъалип Гъалипов гьединго дандчIвана Бакълъул мухъалда бугеб «МугIрузул ракIалдещвеял» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев, СВОялъул ветеран МухIамадгIали ХIажимухIамадовгунги. Районалъул нухмалъулес бицана гIумруялде рахъинарула ругел квербакъиялъул тадбиразул: хварал рагъухъабазул хъизамазухъе иргадулаб нухалда хьвадиялъул, цIалул идарабазда «БахIарзазул парта» лъеялъул, ракIалде щвеялъул ах гIуцIиялъул ва гь. ц.

«ВатIан цIунулезе кумек гьабизелъун районалъул администрациялъ, сахаватчагIаз, гIадамаз гьоркьоса къотIичIого гуманитарияб кумек битIула СВОялъул мухъалде. 2025-абилеб соналъул ахиралда районалъул депутатазул Собраниялъул председатель ГIалихан ДавудхIаджиевас жинцаго росуцоязухъе щвезабуна гуманитарияб кумек», - ян бицана Гъалиповас.

ХIажимухIамадовас бицана СВОялъул гIахьалчагIазул ихтиярал цIуниялъул, тIагIарал рагъухъаби ралагьиялъул, социалиял, медицинаялъул, захIматалъул суалал тIураялъе кумек гьабиялъул хIакъалъулъ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



Налогал ракIари, ветеринариял хIалтIаби нухдаинари, школазда хинлъи чIезаби

- 2 гьум.



ЧIиркъатIаса Мадина МухIамадова – «ДРялъул лъайкьеялъул отличник»

- 2 гьум.




Волейбол цебетIезабуралъухъ шапакъатал

- 2- гьум.



Араб соналъ гьабураб хIалтIул бицана полициялъулаз

-2- гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-ХIажи

№ 4 26 январь 2026 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Налогал ракIари, ветеринариял хIалтIаби нухдаинари, школазда хинлъи чIезаби

### Анкьил хIасилал гьаруна

**Бакълъулазул нухмалъулесул заместитель Сайпилав МухIамадовас анкьил хIасилал гьарураб ва тIуразе хIажатал масъалаби гьоркьоб лъураб данделъи тIобитIана идарабазул вакилзабазул гIахьаллъигун.**

Повесткаялда рукIана гьадинал аслиял суалал: федералияб пачалихъияб информациялъул системагун (ЕГИССО) хIалтIи; ветеринарияб рахъалъ хIалтIул хIасилал лъикIлъизари ва росдал магIишат цебетIезаби; хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе квербакъи гьаби. Гьединго данделъиялда халгьабуна налогал ракIариялъул жакъа бугеб ахIвал-хIалалъулги. Администрациялъул отделазул нухмалъулез бицана жидерго хIалтIул хIасилазул.

«ЗахIматалъул гIадлу цIунизе ккола, хIалтIул хIасилал лъикIлъизариялда кьойил тIадчIей букIине ккола, гьабулелъулъ цебетIей бихьизе ккани», - ян лъазабуна МухIамадовас.

Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул тIадкъаялда рекъон, Сайпилав МухIамадовас араб анкьалда гьединго халгьабуна муниципалияб хинлъиялъул система-





ялъул. Гьев щвана игьелдерил, ТIад Инхо росдал гьоркьохъел школазде ва цогидал идарабазде.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## Волейбол цебетIезабуралъухъ шапакъатал

### ХIаракаталъулъ – баракат

**МахIачхъалаялда тIобитIараб Дагъистаналъул регионалияб волейболалъул федерациялъул жамгIияб гIуцIиялъул конференциялда тIобитIана республикаялда волейбол цебетIезабиялъулъ ва халкъалда гьоркьоб машгьур гьабиялъулъ кIудияб бутIа лъурал спортсменазе, тренеразе, специалистазе шапакъатал кьеялъул тадбир.**

Шапакъат щваразда гьоркьой йикIана Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росулъ бугеб лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул тренер Чакар Шихшалаеваги. ГIун бачIунеб гIел куцаялъулъ ва Дагъистан Республикаялда волейбол цебетIезабиялъулъ ва халкъалда гьоркьоб тIибитIизабиялъулъ лъураб кIудияб бутIаялъухъ гьей мустахIикълъана ДРялъул волейболалъул Федерациялъул грамотаялъе.




Гьебго тадбиралда шапакъаталъе мустахIикълъана бакълъулазул администрациялъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комиталъул нухмалъулесул заместитель ХIосен МухIамадовги. Гьесие щвана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул маданияталъул, гIолилазул ишазул, спорталъул ва туризмалъул рахъалъ комитеталъул грамота.

ХIосенида ва Чакарида шапакъатал щвей баркана районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, гьарана гьезие нахъеккунги бергьенлъаби ва сундулъго цебетIей.




**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

## ЧIиркъатIаса Мадина МухIамадова – «ДРялъул лъайкьеялъул отличник»

### Шапакъатал цIикIкIаги

**2026-абилеб соналъул 21-абилеб январалда ДРялъул Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда тIобитIана ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул Министерствоялъул коллегиялъул данделъи, гьениб шапакъатал кьуна лъикIал хIасилал рихьизарурал мугIалимзабазе.**

Гьедин, шапакъаталъе мустахIикълъана ЧIиркъатIа росдал гIурус мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Мадина МухIамадова. Гьелъие щвана «ДРялъул лъайкьеялъул рахъалъ отличник» абураб цIар, шапакъат кьуна Дагъистаналъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаевас.



Гьединго данделъиялда гIахьаллъун рукIана Дагъистаналъул лъай кьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул нухмалъулев, ТIад Инхоса МухIамад ГIамирудинов, бакълъулазул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев.

Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Мадина МухIамадовалда баркана шапакъат ва гьарана хадубккунги икьбал ва кинабго лъикIабщинаб.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Араб соналъ гьабураб хIалтIул бицана полициялъулаз

### Такъсириял ишазул къадар, тIабигIияб газ хIалтIизабиялъул къагIидаби

**ЦIияб Аргъвани, Гьарадирихъ росабалъ тIобитIана полициялъул вакилзабаз гьабураб хIалтIул бицараб данделъи. Гьедин, полициялъул лейтенант (участковый) Шамил Дибировас 2025-абилеб соналъул хIалтIул хIасилазул бицана эргъвендерида.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана майор Россиялъул жанисел ишазул Министерствоялъул Гумбет мухъалда бугеб полициялъул отделалъул балугълъиялде рахинчIезул ишазул рахъалъ нухмалъулев ГIалиасхIаб Юсупов, бакIалъулал идарабазул ва гIуцIабазул вакилзаби. 2025-абилеб соналда росулъ гьарурал такъсирияал ва административиялин абулел такъсиразул баянал гьаруна участковияз.

Гьарадирихъ тIобитIараб тадбиралда МухIамаднур МухIамаднуровас интернеталдасан хIилла-ракIкI гьабиялъул хIужаби цIикIкIунел рукIиналъ гIадамазда ракIалде щвезабуна цIодорго рукIине ва жидерго



персоналиял ва банкалъул баянал балъго гьаризе кколельи.

Гьединго баян гьабуна рокъоб тIабигIияб газ хIалтIизабиялъул ва электроприборал хIалтIизариялъул хIинкъигьечIолъиялъул тадбирал.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ХIАМЗАТ ГIИЗУДИНОВАС 45 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Рагъул берал

## (хIакъикъиял лъугьа-бахъиназул кьучIалда хъвараб гьитIинаб къиса)

### «Бахъизе кIолареб» хъала кверде боси

Советияб армиялъул 19 сон барав рагъухъан ГIабдулкарим ГIусмановас миномёталъ речIчIулеб букIана тушбабазда. Сверун ккураб Кенигсберг бухIулеб букIана СССРалъул халкъаз къисас босулеб гъужумалда гъоркь. ГIабдулкаримица мухIканго речIчIулеб букIана, фашистазул щулалъаби ва кьвагьдохьаби щущазарулаго.

Унеб букIана 1945-абилеб соналъул апрель. Тевтоналъул рагъухъабазго кьучI тIамураб Кенигсберг фашистаз лъазабуна «бахъизе кIолареб» хъала бугилан. Дурнабаз валагьун, ГIабдулкаримида рихьулел рукIана гьоркьохъел гIасрабазул хъалаялъул рорхатал къадал, хадур бетон тIун гьарурал щулалъаби, гьенисан тушбабазул гIарадабаз речIчIулеб букIана.

Белоруссиялъул 3-абилеб фронталъул армияз Кенигсберг сверун ккун букIана, гьеб шагьар эркен гьабизе байбихьана Советияб армиялъ. Тушманас дандечIей гьабулеб букIана.

### «ЧIиркъатIа росдае гIоло!»

ГIабдулкаримида цадахъ Кенигсберг мутIигI гьабиялъулъ гIахьаллъана гьесул рагъулал гьудулзаби. Фашистаздаса росаби ва шагьарал эркен гьарулаго, гьесда цадахъ кьеркьолел рукIана гьел. 25 сон барав Киргизиялдаса Турат Мирланов вукIана цIа речIчIизабулев рагъухъан. Гьев вукIана гъункарав, жанив цIурав, къамартIав, гьоркьохъеб борхалъиялъул черхалъул гIолохъанчи. Югалъул бакъалъ дагъаб чIегIерлъизабун букIана гьесул гьумер. 30 сон барав Сибиралдаса Сергей Алексеев рагъ байбихьилелде чанахъанлъи гьабулев вукIана ва рагъда гьесул вахъана гIужилав, гьунар бугев кьвагьдохъан. Гьев вукIана ворхатав, хIалакккарав. Рагъ сасараб заманалда гьеса кодор рукIунаан фронталъул казиятал, цIалулаан Александр Твардовскиясул «Василий Тёркин» ва цоги рагъулаб литература. Гьес жиндицагоги хъвалаан кучIдул.

ГIабдулкаримил гьудуллъи ккана советияв немцав Ганс Рудольфилгунги. Лъабабилеб рейхалъул минабаздаса БагIараб аскаралъе нух бацIцIад гьабулеб букIана гьес. 37 сон барав Гансил логол халалъи букIана 180 см. Тирияв, къо хIехьолев, сабруяв Гансица анцI-анцI росаби ва шагьарал фашистаздаса эркен гьаруна, нус-нус минаби, нилъер аскаралъе зарал кколаредухъ, кьвагьизаруна.

Кьалул заманалда ункъавго гьудулас цоцазе кумек гьабулаан. Рагъ гIодоцараб мехалда гьез цоцазе бицунаан жидер ракьалъул, эркенал минутазда цоцазде ургъел бикьулаан, рагъул бицунаан ва рагъда хадусеб гIумруялъул хIакъалъулъ анищал гьарулаан. Советияб аскаралъул мухъилал рагъухъабазда бичIчIулеб букIана фашистазе ахир лъезе кколеблъи, гьел жанаваразул вахIшилъи дунялалда такрарлъизе биччазе бегьулареблъи.

1945 соналъул 6-абилеб апрелалъул радалгIужалда гьудулзаби хIадур рукIана Кенигсберг эркен гьабизе байбихьизе. Гьел рорчIизаруна Совет Союзалъул маршал Александр Василевскияс нухмалъулеб 3-абилеб Белоруссиялъул фронталъул аскаразул гIарадабазул гьаракьалъ.



Анлъабилеб апрелалъул радал отделениялда хIадурго чIаян буюрана 27 сон барав сержант Валерий Ивановас. Ункъавго гьудул гьорлъ вугеб гьужум гьабулеб кьокьа Кенигсбергалъул кьватIисеб щулалъул горсвериде тIаде кьокьана.

Минаби кьвагьулел рагъухъаби цере рачIана мотоциклазда. Буюрараб мухъде щведал, ГIабдулкарим ГIусмановас минаби речIчIулеб алат рекъезабуна ва, мухIканго кинал бакIазде кьвагьизе кколебали баян щведал, тушбабазда цIа бакана. Пруссиялъул рагъулаб некIсияб хъалаялъул кьватIисеб горсвери цIакъго щула гьабун букIана. Минаби лъурал авлахъал, рукIкIби ругеб маххул куналъул горал, хадубги – лъадал цIурал гъваридал рахъал, гохIал, щулалъаби, къадал, тушманасул хъалаялъул галанал ва сангарал. ГIабдулкаримил гьудул Ганс Рудольф гьалмагъзабигун шагьаралда цере лъун ругел минабазул авлахъаздаса минаби рахъизе жувана.

ГIабдулкаримида рагIулеб букIана советиял бомбардировщиказул сас, гьез Кенигсбергалъул рагъулал бакIал ва щулалъаби риххизарулел рукIана. Гьесда тIасан роржунел рукIана гьел чIахIиял самолетал, Машрикъалъул Пруссиялъул тахшагьаралде бомбаби ралел рукIана гьез.

Фашистаз кверде босун букIараб ракьалда гьез бекьараб зулму, квешлъи, гIассилъи берда бихьана ГIабдулкаримида. Гьесда ратулел рукIана чIороголъарал, рухIун тIагIарал росаби ва шагьарал, тушбабаз чIварал руччабазул, лъималазул, харабазул гIаммал хобал. Гьесул каранлъ гьалдолеб букIана нацистазул гIащтIичагIазде бугеб кутакаб цин. Ишан босулаго, гьес ахIулеб букIана: «ЧIиркъатIа росдае гIоло, Советияб Союзалъе гIоло, ВатIаналъе гIоло рухI кьуразе гIоло!», – ян.

Минаби кьвагьулеб алаталъе кибе речIчIизе кколебали бихьизабулев махщалилав Татарстаналдаса Дамир Ринатовас ГIабдулкаримида лъазарулел рукIана тушманасул кIвар бугел бакIал, цинги гьас кьвагьулаан фашистазул рахъалде. ГIабдулкарим вукIана минаби кьвагьулеб ярагъалъул нухмалъулев, гьесда цадахъ хIалтIулел рукIана заместитель Якутиялдаса Мургун Сургэнов (тIоцевесев номер), минаби трубаялъуре рехулев чи Владивостокалдаса Виталий Михайлов (кIиабилев номер), минаби кьолев чи Ленинградалдаса Виктор Андреев (лъабабилев номер), минаби раччулев чи Смоленскалдаса Валентин Павлов (ункъабилев номер).

БагIараб армиялъ Кенигсбергалде гьабулеб гьужум цебехун унеб букIана, шагьаралъул кьватIисеб щула гьабураб горсвериги борлъун, фортал ва сиял ругеб тIоцебесеб горсверуде кIанцIана советиял рагъухъаби. XX кьарнуялъул бетоналъулал щулалъабаз сверун ккураб Пруссиялъул некIсияб хъала, данде чIолеб, данде гьанчулеб букIана.

Дуниялалда бищун кьуватаб ракьалда багъулеб БагIараб армиялъул кинабниги сурсат ва гуч Кенигсбергалда тIаде ана – советиял аскарияз фашистазул рукIнада михир бачунеб букIана. Амма тушманас, бергьине хьул ва божи гьечIониги, данде кьвагьулеб букIана, данде гьужумал гьаризе хIалбихьулебцин букIана. Шагьар фашистаздаса эркен гьабизе гьужумалъ рахъарал советиял рагъухъабаз хъалаялъул сангаразул кIиабилеб горсвериги бахана ва гIадамаз гIумру гьабулел авал-рохханазде щвана.

Советиял боязда цадахъ цеве кьокъунев вукIана ГIабдулкаримги. Минаби кьвагьулеб алат гьес лъолаан цIи-цIиял бакIазда, тушбабазул бутIрузда тIаде минабазул тоннаби хъалел рукIана гьес. КьватI-кьватIккун, чорокал фашистаздаса Кенигсберг бацIцIад гьабулеб букIана. Гьесда цадахъ тушбабазда кьаби щвезабулеб букIана чанго азарго советияб минаби кьвагьулеб алаталъ ва цоги ярагъалъ.

### «Европаялдаго бищун щулияб хъала»

Ахиралде щолеб букIана 1945-абилеб соналъул 6-абилеб апрель. Советияб армия Кенигсбергалда жанибе лъугьана, щибаб кьватI ва щибаб мина-рукъ эркен гьабизе кор боркьарал рагъал унел рукIана. Минаби кьвагьулеб алаталъ речIчIулеб букIана тушбабазул фортазда, сиязда, кьвагьдохьабазул рукIназда, мигъразда. Кенигсбергалъул цо кьотIноб ГIабдулкаримида бихьана кьадада гьабураб гьадинаб хъвайхъвагIай: «ЗагIипаб гIурусазул хъала Севастополь 250 кьоялъ кьуркьичIо, Европаялдаго бищун щулияб хъала Königsberg киданиги мутIигIлъуларо!». Гитлерица буюрун букIана ахирисеб патрон кьвагьизегIан рагъеян. 1945-абилеб соналъул ихдалил гьеб захIматаб кьоялъ ГIабдулкаримица, автоматалъ речIчIун, чIвана гIемер фашистал, рукIана кверде рачIаралги. Гьужумалъ унеб отрядалда гьорлъ минаби кьвагьулез кверкьолел букIана цIа речIчIизабулезе, автоматаз рагъулезе, пулеметчиказе, минаби рахъулезе, тушманасда тIаде тIоцере кIанцIулел цоги аскаризе.

Абдулкаримида ва гьесул минаби речIчIулеб кьокьаялда бихьана фашистазул гIаркьил нахърател щущахъ балеб хасаб отряд. Гьединал хасал отрядал Кенигсберг эркен гьабулезда гьорлъ гIуцIун рукIана, тушбабазул мехтизарулел лъамалъаби ярагъалъун лъугьинчIого рукIине, БагIараб армиялъул рагъухъаби гьелде руссинчIого рукIине, гьелъ шагьар босизе квалквал гьабичIого букIине.

ЧIиркъатIаса гIолохъанчияс хIукму гьабуна фашистазул гьеб ярагъ чIинтIизабиялда гьоркьоб гIахьаллъи гьабизе, Кенигсбергалъул къадалъги кьабгIун, гIаракъидул чанго шиша гъурана гьес.

– Я фашистазул маргъабаз, я гьезул гIаракъиялъ мехтизариялъ Советияб армиялъе квекIен гьабизе гьечIо гьез чIварал миллионал гIадамазухъ къисас босизе, нахъегIанал ва чорокал фашистаздаса дунял бацIцIад гьабизе, – ян абуна ГIабдулкаримица. Blutgeschwuer («Бидулаб ругъун») абураб шнапс жанибе тIураб шиша щущан ана, гьелда жаниса лъамалъи хьаладул къадаздасан чвахана, би киниги. Виталий Михайловасги рахъккуна жиндир кьалулав гьалмагъасул. Гьесги бекана Blutgeschwuer шнапсалъул чанго шиша.

– Гитлер капут! – илан ахIана Михайловас. – Ва Москва шагьаралъул бакIалда хIор гьабизе бугилан рукIарал «арийцазул» гьакълил цо бутIа тIагIинабуна.

### Руччабазул ва лъималазул «чIагояб кьолден»

Советиял рагъухъабазда цоцо рукъзабазда жанир ратана руччаби ва лъимал, ракълилал гIадамал.

ГIабдулкарим ГIусмановас немцазул гьитIинав васасе ва гьесул эбелалъе чедги банкаялъуб лъураб гьанги кьуна.

– Советияв солдат вачIун вуго нацизмалдаса Германия хвасар гьабизе. Нижер чедги гьанги босе.

– Danke, danke, – ян щурана гьей чIужугIаданалъ ва квен босана.

Гитлерица гьукъана шагьаралдаса ракълилал гIадамал нахъе рачине ва гьеб буюри сабаблъун гIемерал гIадамал хвана ва чIаго хутIаразда захIмалъаби рихьана. Террористал гIадин, фашистал рахчулел рукIана руччабазул ва лъималазул «чIагояб кьолденалда» нахъа.

Бащдаб биххараб шагьар цIадуца бухIулеб букIана, бакъ тIерхьунеб гIужалда билбагIарлъун букIана зоб, чIахIиял цIаязул кIкIуялъ бахчун букIана хъала. ГIарадабазул ва бомбаби ралел самолетазул хъуялъ ва гучалъ ракь гьаргьадулеб букIана.

Виктор Андреев, Валентин Павлов ва Мургун Сургэнов ралагьун рукIана цереса унел ракълилал гIадамазухъ, гьез пикру гьабуна 1933-абилеб соналда Германиялъул халкъалъул цIикIкIунисеб бутIаялъ Гитлерие гьаркьал кьеялъул ва гьедин жидецаго жидеего хвалилаб хIукму кьотIиялъул. Гьезул ракIазулъ божилъи букIана рагъ лъугIун хадуб рокъоре тIадруссине. Радиоялдасан Юрий Левитанил гьаракьалъ лъазабулеб букIана Лъабабилеб рейхалда тIад кватIичIого босизе бугеб бергьенлъиялъул.

Сардил бецIлъиялъукь тIерхьана Кенигсберг, рагъ унеб букIана рогьинегIанги.

### АнцIго натIил къадазда данде – кIудиял гIарадаби

Халат бахъинчIеб макъуялдаса хадуб ГIабдулкарим ГIусмановасул минаби речIчIулеб кьокъа хIадур букIана Кенигсберг эркен гьабулеб операциялъул кIиабилеб кьоялде. Радалалдасаго ярагъалъул киналго тайпабаздасан кьвагьулеб букIана. Хъалаялда сверухъ гор данде къалеб букIана БагIараб армиялъ. 1945-абилеб соналъул январалда байбихьараб Бакъбаккул Пруссиялъул операция рагIалде бахъунеб букIана.

3-абилеб Белоруссиялъул фронталъул аскаразул нухмалъулев Совет Союзалъул маршал Александр Василевскияс гIинбана Кенигсберг бахъи иналъул хIакъалъулъ лъазабиязухъ.

**(Ахир - ункъабилеб гьум.)**

# Рагъул берал

Гъужумалъул тIоцебесеб къоялъго советиял рагъухъабазда бажарана тушманасул щулалъабазул чанго сангар борлъизе ва бахине.

**(Байбихьи - лъабабилеб гьум.)**

Гъужумалъул гьитIинал отрядал хIалтIизариялъул къагIидаялъ, тактикаялъ лъикIал хIасилал кьуна. 1945-абилеб соналъул 6-абилеб апрелалда байбихьараб Кенигсбергалъулаб операция (операция «Земланд») гьабулеб букIана Советияб армиялъул Земландалъул къокъаялъ (гьелда гъорлъ букIана 3-абилеб Белоруссиялъул фронтги ТIоцебесеб Прибалтикаялъул фронталъул аскаралги, киназего бетIерлъи гьабулеб букIана маршал Александр Василевскияс). Операция унеб букIана хIисабалде босараб куцалда. Фашистазда кIвечIо Берлин бахъизе бакътIерхьуде унел ругел БагIараб армиялъул боял севералде руссинаризе.

Александр Василевскияс ТIадегIанаб БетIераб нухмалъиялъул Ставкаялда лъазабуна рагъда бугеб ахIвал-хIал.

– ТIадегIанав нухмалъулев товарищ Иосиф Виссарионович! 3-абилеб Белоруссиялъул фронталъ севералдаса ва югалдаса Кенигсбергалъул сангарал риххизаруна. «Земланд» операция унеб буго, ургъараб къагIидаялда, лъикI!

– ХIалчIахъадал! ХIалтIи рагIалде бахъинабе, – ян Сталинил гьаракь рагIана телефоналдасан.

Кенигсбергалъул сиязул, фортазул, щулалъабазул гIатIилъи анцIго натIалде бахунаан (5 метр). Гьел галанал минатахъ разе Советияб армиялъ хIалтIизаруна цIакъго чIахIиял гIарадаби – Бергьараб къуваталъул 226-абилеб артиллериялъул дивизионалъул 280 миллиметр бугел БР-5 мортираби.

### Иммануил Кант ва Инхоса ГIали-ХIажи

1945-абилеб соналъул 8-абилеб апрелалде сверун ккуразул ахIвал-хIал хIехьезе захIматаблъун лъугьана. Гьедин букIаниги, фашистаз дандечIей гьабулеб букIана. Кенигсбергалъул комендант генерал Отто Ляш хьулалда вукIана сверун ккураб шагьаралдаса гьесул аскар къватIибе борчIилин ва Земландалъул бащдабчIинкIиллъиялда ругел фашистазул цоги боялгун цолъизе рес ккелилан.

Рагъулаго, Кенигсберг шагьаралъул къватIал ва рукъзал эркен гьарулаго, ГIабдулкарим ГIусманов ва гьесул къалул гьудулзаби щвана Иммануил Кантил чIинкIиллъиялде.

9-абилеб апрелалъул сордо ГIабдулкарим ГIусмановасул минаби къвагьулеб къокъаялъ тIамуна Кантил чIинкIиллъиялда. Советияв минометчи валагьун вукIана философ Кантил хабаде ва гьесулгун бальгояб хабаралда вукIана.

– ГIумруялде рокьи – гьеб ккола хIакъикъаталде, ритIухълъиялде рокьи, – ян хъвана дуца, Кант, – пашманаб жо буго дур халкъалъ 1933-абилеб соналда гьереси ва мекъаб нух тIаса бищи ва гьеб гьересиялъ миллионал гIадамал хвезари. Нижер философ Инхоса ГIали-ХIажияс гьадин хъвана:

– ХIамий сарин ахIун, мун сверданиги,
Дур саринаъ хIамил хIал хисиларо.
ХIеренаб кечI ахIун, мун къурданиги,
Данде къурдиларо рокьи гьечIеб панз.
Жиде-жидерго хIакъ хIайваназе кье:
ХIамие чури тIе, чое кIалцIи бай;

### Чамасдак къотIулеб гъотIода данде

Макъаридул гъотIол багьа гьабуге.

– Канлъукьги вукIун, инсанас къанагIат гурони пикру гьабуларо бецIлъиялъул, талихIав чияс гIемерго хIисаб гьабуларо балагь-къварилъиялъул, гIорцIараб гIумруялда вукIаго – гIазаб-гIакъубаялъул; ва, гьелъул гIаксалда, бецIлъукь анищ гьабула канлъиялъул хIакъалъулъ, къварилъиялда вукIаго – талихIалъул хIакъалъулъ, мискинлъиялда вукIаго – бечелъиялъул хIакъалъулъ. Гьелги ккола дур рагIаби, Иммануил Кант. ГIакъилаб калам буго. Пашманаб иш буго дур халкъалъ анцIидаса цIикIкIун соназ Европа бецIлъукь тIерхьинаби, миллионал гIадамал газалъул пучдузда жанир рухIулел концлагерал рай. Пашманаб жо буго Гитлерица дур тIахьал цIаличIолъи ва гьезул магIна босичIолъи.

– БагIарбилил хъала, хъахIганчIил галан,
Галмил рагIалалда гIанбаралъул хеч,
Маккаялъул микки, ТIайбаталъул тIегь,
Такъсидалъул тIавус, тIул бухIараб къеч…
Рагье балагьарас гьаб гьаржадул кIул,
КIул дирго кодоб тун, кирит бан анин.
Жиндийго бегьулеб кIул балагьани,
КIвелебин рагьизе пагьму бугесда.

XIX гIасруялдасан Инхоса ГIали-ХIажияс хитIаб гьабулеб буго нилъедехун. Дурги гьесулги лъикIаб, берцинаб накъит лъугьинаан, нуж цоцазда ричIчIилаан. НекIсияб XVIII къарнуялдасан рагIулеб буго дида дур гьаракь.

«Эркенлъи – гьеб кколаро бокьа-бокьараб гьабизе бажари, гьеб буго борч тIубазе кIвей, къучIаб, камилаб яхIнамусалъул къанун борхи, гIумруялде бахъинаби»;

«Эркенлъиялъ ва яхIнамусалъул налъиялъ цояз цоял ахIула, гIатIид ва кIодо гьарула»;

«Эркенаблъун букIуна гIицIго лъикIаб (гIакъилаб, гIадилаб) мурад, квешаб мурад гуреб. Квешаб къучIалда бараб мурадалъ гIаммаб эркенлъи биххизабула, лъикIаб къучIалда эхетараб мурадалъ гIаммаб эркенлъи цебетIезабула», – гьаврги мун ккола, Кант, гьал ккола дур рагIаби. 1933 соналда Гитлерие гьаркьалги кьун, дур халкъалъ бащдаб дунялалъул эркенлъи чIинтIизабуна. ЛъикI ккана, мун гьел бецIал, чIегIерал къоял щвезегIан, чIаго хутIичIолъи, философ. Гьедин ккола, философазул, шагIирзабазул, гIакъилзабазул тIахьал мухIканго, рагIаракьанде щун, пикру гьабун, цIаличIони. ЦIале Кант, цIале Инхоса ГIали-ХIажи, дунялалъул гIадамал, ва дунялалда тIокIал рагъал ккеларо…

XX гIасруялъул бащалъуда дица хвасар гьабулеб буго дур шагьар, Иммануил Кант, хьвадулел хварал чагIаздаса, лъимал чIвалел хIарамзадабаздаса, зулмучагIаздаса, бидулаздаса. ЛъикI буго, дуда гьаниб фашистаз бекьараб вахIшилъи бихьулеб гьечIолъи, лъикI буго, дуда дур шагьар фашистазул жанаваразул кверщаликь бихьулеб гьечIолъи.

Гьадин хъвана Инхоса ГIали-ХIажияс лъикIлъиялъул ва квешлъиялъул хIакъалъулъ:

ЛъикIлъаби рихарал мухасасазде
Къварилъуге керен, квешлъуге дур ракI.
ТIугьдузул гьуинмахI хунпасаазда
Рихунилан абун, хисардуге хIал…
Пачаясе хIелулел, хIалихьалъи щиб нужер,
ХIаликъаб гьаб халкъалъул къисас щивас босулел?
Щакльи ккоге, халкъалде къо тIаде бачIинебин,
Къисас нужер босулеб, нусго соналдасанги.

### Фашистазул хьалаялъул гIажал

Сардилъ рагъ дагьабги хIалуцана, кьалул кор кутакалда боркьана. Отто Ляшица хIалбихьана сверун ккураб хьалаялъуса къватIиве ворчIизе. Гьесул хьулал хIорлъизаруна советияб авиациялъул, катюшабазул, минаби къвагьулел чагIазул ва цоги рагъухъабазул жигаралъ. ГIабдулкарим ГIусмановасул минабазги бутIа лъуна тушман щущахъ биххизавиялда гъорлъ.

Кенигсберг кверде ине ккеялъул хIукму гьабуна комендант Отто Ляшица. Шагьар эркен гьабиялъул шартIал гьесда цере лъезе рачIана советиял офицерзаби Петр Яновский, Александр Федорко ва Владимир Шпитальник. 9-абилеб апрелалда, 21:30 заманалда, Отто Ляшица гъулбасана жив къезавунин абураб документалда.

Шагьар кIкIуялъ бахчун букIана, рухIулел рукIана гIемерал авалал. Советияб авиациялъ Кенигсбергалда тIаде рехана ункъазаридаса цIикIкIун тонна бомбабазул.

Гитлерица лъималазухъе ярагъ кьуна ва гьел рагъде ритIана; боцIул гIадин, гIадамазул батIибатIиял тайпаби гьарулев нацист-фюрерил гIантал тIадкъаял тIуразарулаго, холел рукIана гитлерюгендалъул гIахьалчагIи.

БагIараб армиялъ асирлъарал чIвалел рукIинчIо, Вермахталъул 90-азаридаса цIикIкIун рагъухъан кверде вачIана.

### «Дона» сиялда тIад – Бергьенлъиялъул Байрахъ

1945-абилеб соналъул 10-абилеб апрелалда ГIабдулкарим ГIусмановасул рагъул гьудулзабаз Кенигсбергалъул «Дона» сиялда тIад Бергьенлъиялъул Байрахъ чIвана. Амма гьесда бихьичIо Бергьенлъиялъул БагIараб Байрахъ эркен гьабураб хьалаялда тIад парпалеб. Гьесул гIумруялъе гIоло къеркьолел рукIана тохтурзаби. ХIалбихьун бугев хирург Иван Михайловас чанго халатбахъараб, захIматаб операция гьабуна. Гьесда кIвана ГIабдулкарим ГIусмановасул гIумру ва кваранаб бер хвасар гьабизе. МагIарул росдал рагъухъанасда лъуна цIорол гьабураб цIияб квегIаб бер. Медсестра Наталья Петроваль, ругьназда дару бахун, гьел катаналъ рухьун, хьулухъ гьабуна ГIабдулкаримие, тохтурасда цадахъ гьелъги кьуна гьесие цIияб гIумру.

Халатаб, захIматаб бащдаб лъагIел бана ГIабдулкаримица госпиталалда. ТIоцересел къояз гьев гIемер риччалъе ккола-ан, гьесухъе риччалъ рачIунаан чIагояв ва хварал рагъул гьудулзаби, Дагъистаналдаса гIагарлъи, ЧIиркъатIаса гIадамал. Чорхол сахлъиялъул хIал лъикIлъанагIан, гьесие мадар лъугьана, риччалъе ккей чIана, араб гIумруялъул сипатал гьесухъе рачIунаан макьилъ ва пикрабалъ.

Гьесда макьилъ рихьулел рукIана ЧIиркъатIа росдал къерал гьарурал ахал, бакъуца къалъизабураб пихъ гIаркьалабаздасан даларал куракул гьутIби. Гьесул макьабалъ букIана бакъул ва мугIрузул улка. Гьесда гIемер ракIалде щолаан гIагараб Дагъистан, мугIрузул тIогьал, гIодорлъаби, сухъмахъал… Гьесул анищ букIана бергьенлъигун рокъове тIадвуссине, цIидасанги эбелалъул, инсул, росуцоязул гьурмал рихьизе…

ГIабдулкаримида гьединго макьилъ рихьулел рукIана араб гIумруялъул суратал, лахIзатал, армиялде вачунеб ригьде вахинчIониги, гьесие фронталде ине бокьун букIараб куц. Амма гIолохъанав магIаруласда нух батана – гьев лъелго ана районалъул централда, МелъелтIа росулъ, бугеб военкоматалде, 36 километрги нахъа тун. Гьеб букIана 1943-абилеб сон. ГIабдулкаримил букIана 17 сон.

Фронталде витIилелде ГIабдулкарим хIадур гьавуна ва цIализавуна ЦК РКП(б)-ВКП(б)-КПССалъул генералияв секретарь Иосиф Сталин гьавураб Грузиялъул АССРалъул Гори шагьаралда. Борхатаб магIарда бугеб Хъанчил габурлъиги бегун, Рагъулабгун гуржиязул нухдасан, щвана гIолохъаби гьенире. Чанго моцIалъ гьел куцана рагъулаб ишалъе. ГIабдулкарим вахьана минаби къвагьулев ва рахъулев чилъун. Гьесги гьесул гьудулзабазги малъарабщиналдаса къалул авлахъалда пайда босана. Госпиталалда гьесда макьилъ рихьулел рукIана Кавказ, КIиабилеб дунялалъул рагъул захIматал нухал, рекIее гIагарал гIадамазул гьурмал…

### Киевалъе гIоло тIураб би

ГIабдулкарим вагъана Киевалъе гIоло ва гIемер цогидал шагьаразе ва росабазе гIоло. Киевалъул гъужумалъулаб операция гьабуна 1943-абилеб соналъул 3-13 ноябралда. Гьеб гIумруялде бахъинабуна армиялъул генерал Николай Ватутинил нухмалъиялда гъоркь ТIоцебесеб Украинаялъул фронталъ. Киев, Житомир ва цоги шагьаралгун росаби эркенги гьарун, фашистал бакътIерхьудехун хъамуна.

ГIабдулкаримил минаби роржунел рукIана фашистазул бутIрузде, чияр ракьал рахъулезе кIудиял камиялги ккезарун. Гьел рагъазул заманалда магIаруласда цоги ругъун щвана. Госпиталалда сахгьавун хадув лъукъарав советияв солдат нахъеги фронталде тIадвуссана ва Гитлерил ордаби щущазариялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна.

ГIолохъанав кавказиясда рихьулел рукIана рагъуца гIицIлъизарурал ракьал, нацистазул вахIшилъиялъ ва нилъер халкъалда бихьулеб бугеб гIакъубаялъ гьесул рекIелъ фашистазде бугеб рокьукълъи ва ццин кутаклъизарулел рукIана. Къисас босизе бугеб мукъадисаб асаралъ, ритIухълъи ва хIакъаб жо тIиритIизаризе, тасдикъ гьаризе бугеб мурадалъ ГIабдулкаримица «ахIичIел гьалбадерил» щулалъабазда тIаде минаялда хадуб мина рехулеб букIана.

МухIур лъугьун, рахъу хутIизегIан, рухIарал росаби, чIвадназде сверарал шагьарал, чIварал хараби, лъимал, руччаби. Рагъул берал къварилъиялъул, гIазабалъул цIун рукIана, гьезул чIорогоял картIазухъан инсанасул гуреб, бакIаб ва квешаб цIорой бецIцIулеб букIана.

Советиял аскарал фашистазул жанаваралъул рукIнире гIедегIун рукIана. Гьезие бокьун букIана, «сурмияб къавуда» гIадин, Европаялдасан къокъарал, хьурумсахъазе «налъи» бецIизе. Фашистазул аздагьоялъул бутIрулги къотIулаго, Бакъбаккул Пруссиялъул тахшагьар, некIсияб Кенигсберг, бахъизе кIоларев хьала бугилан. Советияб армиялъ Кенигсберг сверун ккуна. ГIабдулкаримида дурнабаздасан рихьулел рукIана сиял, фортал, къадал ва шагьаралъул цоги щулалъаби. Цебе букIана философ Иммануил Кантил шагьаралъе гIоло рагъ…

### ГIабдулкаримил квегIаб бер

Зама-заманалдасан унтулаан ГIабдулкаримил гьечIеб квегIаб бер. Амма гьес рикIкIунаан жиндир квегIаб бер кваранаб канлъи бихьулеб бугилан. КвегIаб бералъ, кинолентаялда гIадин, гьесда рихьизарулаан КIудияб ВатIаниялъ рагъул лъугьа-бахьинал, къалул гьудулзабазул хириял гьурмал…

Гьава-бакъ квешлъилелде, рокьукъал харбал рагIилелде ГIабдулкаримил квегIаб бер унтулаан, гьесда гьелъ цебеккунго лъазабулаан…

**(Ахир - щуабилеб гьум.)**

# Рагъул берал

**(Байбихьи-ункъабилеб гъум.)**

Госпиталалдаса виччайдал, минаби кьвагьулев чиясда букIана тохтурас лъураб цIорол гьабураб квегIаб бер. Халатал ва захIматал нухалги нахъа тун, гIураб ракьалде, ЧIиркъатIа росулъе, умумузул рокъове, щведал, рагъухъанас бахъана цIорол гьабураб бер, эбелалда гьарана квегIаб бер бахчулеб къохьол рукъи хIадуреян.

Жиндирго халатаб гIумруя-лъул ахиралде щвезегIан гьес гьеб къохьол рукъи бан букIана квегIаб бадиб, гъоркьан лъун букIана квасквас.

Рагъул берал… Гьез бицуна гIицIго хIакъаб ва битIараб. Гьезда бихьула цIакъ рикIкIаде, гIасрабазул гъварилъуде, Махлукъаталъул рагIалде щвезегIан. Инсанияталъе хIажат буго гьел бераздасан гIакълу, ракълилаб гIумру, гIуцIарухъанлъи, унго-унголъи, бацIцIалъи, кIодолъи, бахIарчилъи росизе…

КIудияб рагъул ругънал ссудулел рукIана херав рагъухъанасда, гьез гьесие хIалхьи ва макъу толел рукIинчIо. Кьижаравго, гьесда макьилъ рихьулел рукIана Кенигсбергалъул бидул цIурал сиял, кьалда хварал гьудулзабазул жаназаби, аза-азар гIарадабазул, ярагъалъул хъуй, гулбузул цIирцIири, роpтулел бомбабаз рахъулел кIудиял гвендал…

ГIумрудул гьудул РахIмат ГIабдулаевалъ ГIабдулкарим ГIусмановасе 12 лъимер гьабуна, бахIарчияй эбеллъун яхъана. ТIубараб гIумруялъ гьев вукIана лъикIлъи бекьулев, сахал ишал гьарулев, рагъдаса хадуб гIагараб росулъ рукъзал рана, мажгитазе кумек гьабуна, нухал рахъана, къулгIаби рагьана.

**Кенигсбергалъул каштаназул гIоди**

ГIабдулкарим ГIусмановасул рагъул гьудулзабазул хабазда тIад Кенигсбергалда гIодулел руго каштан гъутIби. Сунда ракI унтун, гьел гIодулел ругел, сундул хIакъалъулъ гьез щурулеб бугеб? Щиб гьез бицунеб бугеб, аза-азар километр тун, ЧIиркъатIа росдал ахазулгун? Кинаб хабар бицунеб бугеб Кенигсбергалъул каштаназ ЧIиркъатIа росдал гIечул ва куракул гъутIбузулгун? Хъалаялъул каштаназда гIемер хвел бихьана, гьел бидуца багIар гьарун руго. ЧIиркъатIа росдал ахалги гIодулел руго КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарзазул хобазда тIад. Гьез тIамхал хьалел руго Кенигсберг эркен гьабурав ГIабдулкарим ГIусмановасул ахираб руссеналда тIаде. Гьев вукIана Бакъул улкаялдаса КIудияб рагъде арав ва чIаго хутIарав ахирисев рагъухъан. Фашистаз концлагеразде сверизарурал гIемерал шагьарал ва росаби хвасар гьаруна гьес. ГIабдулкаримица нилъее васигат гьабун тана гьаб дунял, гьес нилъее ирсалъе тана ракълилаб Ракь. Рекъелилан гIодулел руго Кенигсбергалъул каштанал, рекъелилан щурулеб буго ЧIиркъатIа росдал куракул гъутIбуз.

**ХIамзат ГIизудинов, 2025 сон**

# Памятка о мерах пожарной безопасности в зимний период

**В зимний период детям необходимо соблюдать правила пожарной безопасности – как в доме, так и на улице.**

Важно разъяснять опасность игр с огнём, правила предосторожности в обращении с электробытовыми приборами, научить детей пользоваться первичными средствами пожаротушения (огнетушителями) и вызывать на помощь пожарную охрану.

В доме и на улице:

- Не играть со спичками и зажигалками– это одна из причин пожаров.
- Не оставлять без присмотра включенные электроприборы– особенно утюги, обогреватели, телевизор, светильники. Уходя из дома, не забыть их выключить.
- Не сушить бельё над плитой– оно может загореться.
- Не зажигать фейерверки, свечи или бенгальские огни дома без взрослых.
- В дома или на даче без взрослых не подходить к печи и не открывать печную дверцу – оттуда могут выскочить раскалённый уголёк или искра и стать причиной пожара.
- Не прикасаться голыми руками к металлическим частям печки– можно получить серьёзный ожог.
- Не устраивать игр с огнём вблизи строений, в сараях, на чердаках, в подвалах.
- Не нагревать незнакомые предметы, упаковки из-под порошков и красок.
- Не растапливать печи, не включать газовые плитки.
- Не играть с электронагревательными приборами– от них, включённых в сеть и оставленных без присмотра, может произойти пожар.
- Не применять свечи и хлопушки, не устраивать фейерверки и другие световые пожароопасные эффекты вблизи сгораемых предметов.

Если пожар все-таки произошел, необходимо сделать в первую очередь:

- немедленной вызвать пожарных по телефону «01», «101», «112» назвать свою фамилию и точный адрес пожара;
- срочно покинуть задымленное помещение;
- если помещение сильно задымлено, то намочить платок или полотенце водой и дышать через него, пригнуться к полу, и двигаться по направлению к выходу вдоль стены;
- если нет доступа к телефону и нет возможности покинуть помещение, открыть окно и криками привлечь внимание прохожих;
- самое главное: как бы вы ни были напуганы, никогда не прячьтесь в укромные места.

**Аслудин Шапиев, инструктор по пожарной профилактике ПЧ № 45 с. Мехельта Гумбетовского района**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов администрации Сельского поселения «Село Гадари»

**Решение: № 07**

**от «27» декабря 2025 г.** **с.Гадари**

**1. Утвердить бюджет МО «Село Гадари» на 2026 год в размере 1660,5 рублей, и плановый период на 2027 год в размере 1337,4 рублей, на 2028 год в размере 1677,5 рублей.**

**а) Доходы:**

| **Дотация** | **1417,3** | **1060,1** | **1332,2** |
|---|---|---|---|
| Субвенция | 227,2 | 261,3 | 329,3 |
| Собственные доходы | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| Имущественный | 2,0 | 2,0 | 2,0 |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Глава МО | 602,0 | 480,0 | 540,0 |
| Аппарат управления | 806,3 | 581,1 | 793,2 |
| ВУС | 227,2 | 261,3 | 329,3 |
| Ф/К и спорт | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 10,0 | | |

**Председатель сельского Собрания депутатов А.М.Дибиров**

# Собрание депутатов администрации Сельского поселения «Верхнее Инхо»

**Решение:**

1. Утвердить бюджет МО село «Верхнее Инхо» на 2026 год в размере 2815,6 рублей, и плановый период на 2027 год в размере 2215,8 рублей, на 2027 год в размере 2130,1 рублей.

**а) Доходы:**

| | **2026 г.** | **2027 г.** | **2028 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2515,4 | 1881,5 | 2364,5 |
| Субвенция | 227,2 | 261,3 | 329,3 |
| Собственные доходы | 73,0 | 73,0 | 73,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 43,0 | 43,0 | 43,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| Имущественный | 14,0 | 14,0 | 14,0 |
| **ИТОГО:** | **2815,6** | **2215,8** | **2766,8** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Глава АСП | 754,0 | 754,0 | 885,0 |
| б) | Аппарат управления | 1287,0 | 1060,5 | 1403,5 |
| в) | МКУК | 408,0 | 140,0 | 149,0 |
| г) | ВУС | 227,2 | 261,3 | 329,3 |
| д) | ЖКХ(благоустройство) | 119,4 | 0,0 | 0,0 |
| е) | Ф/К и спорт | 15,0 | 0,0 | 0,0 |
| е) | Молодежная политика | 5,0 | 0,0 | 0,0 |
| ж) | Выборы | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| | **ИТОГО:** | **2815,6** | **2215,8** | **2766,8** |

**Председатель сельского Собрания депутатов А.Н. Хабибов**

# Газификация не может быть «кустарной»

**Поставщик газа в Дагестане «Газпром межрегионгаз Махачкала» рекомендует: заблаговременно, на стадии строительства дома или ввода коммерческих помещений, обращаться за газификацией, ни в коем случае не допуская временных шланговых «газопроводов» и самостоятельной, самовольной газификации.**

Не позволяйте посторонним лицам, нанятым работникам, строительным бригадам, обогревать помещения кустарно произведенными обогревателями и проч!

Если вам известно о случаях самовольного подключения к газопроводу, незамедлительно сообщайте об этом в аварийно-диспетчерскую службу по номерам 04, 104 либо в контролирующие органы. Ваша бдительность поможет предотвратить угрозу для жизни и безопасности людей.

Специалисты газовых служб и контролирующих органов неустанно предупреждают, что незаконное вмешательство в газовую инфраструктуру может привести к утечкам, взрывам и пожарам, ставя под удар целые дома и микрорайоны.

Какое наказание предусмотрено?

Несанкционированное подключение к газопроводам или самовольное использование газа влечет административную ответственность по ч. 1 ст. 7.19 КоАП РФ в виде штрафа:

– для граждан – от 10 000 до 15 000 рублей;

– для должностных лиц – от 30 000 до 80 000 рублей либо дисквалификацию на срок от 1 до 2 лет;

– для юридических лиц – от 100 000 до 200 000 рублей.

Повторное незаконное подключение к газовым сетям может повлечь уголовное наказание вплоть до двух лет лишения свободы. В случае, если самовольное подключение стало причиной гибели человека, срок наказания увеличивается до восьми лет лишения свободы.




**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

# В Гумбете продолжается работа по призыву граждан

**В Гумбетовском районе в плановом режиме проводится работа по призыву граждан на военную службу в рамках текущей призывной кампании.**

Одним из важных этапов призывной кампании является медицинское освидетельствование. В настоящее время жители района призывного возраста проходят медицинский осмотр в районной поликлинике. В ходе освидетельствования проводится комплексная оценка состояния здоровья призывников, определяется категория годности к военной службе.

Глава Гумбетовского района Галип Галипов уделяет особое внимание вопросам организации призыва граждан на военную службу в муниципалитете района.



Все мероприятия организованы в строгом соответствии с требованиями действующего законодательства Российской Федерации и проходят под контролем призывной комиссии и соблюдению установленного порядка. Призывная комиссия района обеспечивает объективный и индивидуальный подход к каждому призывнику.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Командир штурмовой роты Сайгид Сайгидсалимов из Гумбета передает салам с передовой

**Воины Гумбета мужественно проявляют себя на передовой зоны СВО.**

Командир штурмовой роты Сайгид Сайгидсалимов вносит свой вклад в освобождение Новороссии от неофашистов. Каждый день он и его рота смотрят в лицо смерти, преодолевая преграды, пядь за пядью возвращают Донбасс в родную гавань, в Россию.

За беззаветное служение Родине он удостоен медали «За храбрость» и других государственных наград. Сайгид Сайгидсалимов – внук участника Великой Отечественной войны, народного артиста ДАССР Сайгидсалима Джамалудинова (1910 –1993).

Напомним, что глава Гумбетовского района, секретарь местного отделения ВПП «Единая Россия» Галип Галипов обозначил среди приоритетов оказание помощи бойцам СВО, их родным и Новороссии.

**РИО «Гумбет»**

# Обновите данные в полисе ОМС в МФЦ!

Сменили номер телефона?

Это нужно, чтобы страховая компания всегда могла с вами связаться.

Приходите с паспортом в ближайший МФЦ — наши специалисты проверят документы, внесут изменения и отправят заявление в страховую компанию.

Всё займёт пару минут!

Запланируйте свой визит заранее, запишитесь через наш чат-бот в приложении МАКС https://max.ru/mfcrd2025_bot

**МФЦ по РД**

# Пенсии выросли с 1 января

На 7,6% — для более 40 млн пенсионеров!

Индексация страховых пенсий автоматическая — заявление не нужно, СФР всё сделает сам.

Основа: ФЗ №431 от 28.11.2025.

Необходимо минимум 15 лет стажа и 30 баллов ИПК.

Кто получит прибавку?

- По старости (неработающие и работающие пенсионеры)
- По инвалидности
- При потере кормильца




Фиксированная минимальная пенсия увеличилась с 8 907,70р. до 9 584,69р.

Стоимость ИПК (Индивидуального пенсионного коэффициента):

ИПК увеличился с 145,69р. до 156,76р.

Исключение: военные пенсии по выслуге лет (ФЗ №4448-1).

Социальные пенсии индексируются с 1 апреля.

**МФЦ по РД**

БетӀерав редактор: ХӀамзат МухӀамадович ГӀизудинов
телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГӀабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухӀамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъбулъазул нур» абурал цӀаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газетaлда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.